



Pou Piblikasyon Imedya: 06/08/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE ETAP ENPÒTAN NAN KONSTRIKSYON SANTYE EMPIRE STATE LA NAN NEW YORK SANTRAL

*Achèvman Pon pou Pyeton ak Koneksyon Nouvo Santye nan Konte Onondaga
Rapwoche Plan Vizyonè pou Santye nan Tout Eta a pi pre Achèvman li*

*Pwojè ap Konpleman "CNY Rising" - ki se Estrateji Global Rejyon an pou
Revitalize Kominote yo epi Devlope Ekonomi an*

Jodi a Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse yon etap enpòtan nan konstriksyon Santye Empire State la, inisyativ istorik eta a pou kreye yon chemen 1207 km soti Vil New York Kanada, ak soti Albany rive Buffalo. Yo deja konplete gwo konstriksyon sou yon nouvo pon pyeton sou Interstate 481 ak seksyon kle nan santye nan Vil Syracuse ak nan ti Vil Dewitt nan konte Onondaga, k'ap ede konekte plizyè nan dènye vid ki rete yo nan Santye Empire State la, ke yo espere ki dwe fini an 2020.

"Avèk etap enpòtan sa a, n'ap pran yon lòt etap nan founi plis opòtinite lwazi anplennè menm ke Nouyòkè yo ap chèche apre yo te fin rete lakay yo pou yo aplati koub viris la", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Touris anplennè se yon poto mitan nan ekonomi pati nò a ak amelyorasyon nou ap fè nan Santye Empire State la pral benefisyè rezidan ak vizitè yo epi founi yon kout pous nan biznis lokal yo."

"Achèvman pon pou pyeton an ak koneksyon santye nan Syracuse ak vil DeWitt ap chita sou efò nou yo pou konplete Santye Empire State atravè eta a", **Gouvènè Adjwen Kathy Hochul te deklare.** "Pwojè sa pral kreye nouvo opòtinite lwazi ak transpò pou rezidan yo ak vizitè yo ki nan Konte Onondaga, pandan yon tan enpòtan kote anpil moun ap chèche bagay pou yo fè nan pwòp lakou yo pandan kriz COVID-19 la. Investisman sa a nan Santye Empire State la pral amelyore aktivite touris nan zòn nan epi amelyore kalite lavi pandan n'ap rebati pi byen pou lavni apre pandemi an."

Yon pati kle nan pwojè a se te konstriksyon yon nouvo pon pou bisiklèt ak pon pou pyeton sou I-481 nan Vil Dewitt, ki founi yon koneksyon ant Butternut Drive ak Towpath Road jis nan nò Kinne Road. Depatman Transpò (Department of Transportation, DOT) Eta a te konstwi yon nouvo seksyon santye toutotou Towpath Road la ki konekte Kanal Santye Erie a nan Dewitt pou rive sou Bridge Street. Soti nan Celi Drive pou rive Widewaters Parkway, yo konvèti Towpath Road an yon wout sans inik, ak santye a ki

konstwi sou bò sid la; epi nan Widewaters Parkway jis nan nò entèseksyon Kinne Road lan, Towpath Road pral rete yon wout a doub vwa, ak santye a ki sitiye sou bò sid la.

Amelyorasyon yo te fèt sou santye bisiklèt ki egziste deja a nan Vil Syracuse otou Water Street soti nan South Franklin Street rive nan Beech Street, ki gen ladan tras sou wout yo, nouvo ranp bòdi yo, reparasyon twotwa, siyalizasyon ak kèk chanjman minè nan modèl bisiklèt la. Pwojè sa a fè pati yon efò kontinyèl ki pi laj pou elimine pi gwo vid nan seksyon Kanal Erie nan Santye Empire State la, yon distans 22.5 km ant Camillus, Syracuse ak DeWitt. Konstriksyon anplis nan pòsyon Syracuse ak Dewitt yo, ki gen ladan seksyon Erie Boulevard East nan santye a an konstriksyon epi yo pwograme pou li fini nan fen 2020 an.

Pwojè yo se yon gwo etap nan akonplisman youn nan inisyativ Gouvènè Cuomo an 2017 nan inisyative Eta Eta a pou kreye 1207 kilomèt Santye Empire State la avan 2020. Yon [etid resan](#) revwa ke 8.6 milyon rezidan ak touris pral vizite tout 1207-kilomèt santye an chak ane.

Komisè Depatman Transpò New York la, Marie Therese Dominguez, te deklare, "Depatman Transpò a fyè pou li fè kontribisyon enpòtan sa nan efò vizyonè Gouvènè Cuomo a pou kreye santye istorik sa a atravè Eta New York. Santye sa a pral ede ankouraje aktivite bisiklèt ak pyeton, pou fè moun soti nan machin yo epi pou vin sou bèl santye sa a pou jwi aktivite touris ak aktivite lwazi anplennè. Nouvo koneksyon ak santye New York Santral la mete nou pi pre acheminman tchemen 1207 km la nan fen ane sa a".

Andy Beers, Direktè Santye Empire State la, te di, "Achèvman pwojè sa a make yon etap enpòtan nan travay Eta New York pou bay yon santye san danje pou siklis yo ak pyeton yo k'ap konekte East Syracuse ak DeWitt. Gen lòt pwojè anplis ki an konstriksyon, lè li fini nan mwa desanm nan, li pral bay yon Wout Santye Empire State kontinyèl ki evalye a 22.5 km soti DeWitt pase anba lavil Syracuse rive nan Fairgrounds (Tèren Fwar) Eta a ak Camillus".

Senatè Rachel May te deklare, "Mwen kontan pou mwen selebre achèvman Santye Empire State la ant Vil Syracuse ak ti Vil Dewitt. Kòm yon siklis, mwen aplodi Eta New York ak Gouvènè a pou investisman yo nan sistèm santye nou an. Pwojè sa a founi rezidan yo ak touris yo opòtinite pou eksperimante gran vil nou yo, ti vil yo, ak bote natirèl nan yon fason nouvo epi entim. Mwen remèsye Gouvènè Adjwen paske li rejwenn nou isit la nan CNY pou komemore evènman sa a".

Fanm Asanble Pamela J. Hunter te deklare, "Achèvman pwojè lokal yo pou Santye Empire State la pa te kapab vini nan yon pi bon moman ke moman sa a. Avèk plis moun k'ap chèche aktivite anplennè ki tou pre yo, santye ki acheve yo ofri plis espas pou fè egzèsis oswa pou ale nan lòt zòn lwazi yo. Mwen ap atann ak enpasyans pou santye a fini nan tout eta a".

Sipèvizè Vil DeWitt Ed Michalenko te deklare, "Nan yon nivo lokal nou kontan dèske nou kapab konekte katye DeWitt atravè pwòp sistèm santye vil nou an ak santye Kanal Erie ak Ryder Park. Pon pyeton sa a se yon benefis ki akeyi fanmi, pyeton, kourè ak siklis yo. Nan yon nivo ki pi laj, nou fòtman kanpe dèyè inisyativ Gouvènè a epi nou fyè dèske nou fè pati pwojè Santye Empire State la ansanm avèk Elevating Erie (Elevasyon Erie), ki konekte tout banlye nan pati lwès yo atravè vil Syracuse ak nan DeWitt. Nou se gwo defansè santye ak espas vèt paske nou konnen yo bay pi bon kalite lavi epi yo ajoute sou valè kay ak biznis nou yo".

Pou konplete Empire Trail an 2020, gen apeprè 350 kilomèt nouvo santye/santye amelyore ke yo ap bati. Pwojè konstriksyon yo ap antreprann pa yon kantite antite eta a ki gen ladan Hudson Greenway, NYPA/Canal Corporation, MTA, DOT, Biwo Pak, Rekreyasyon (Office of Parks, Recreation) Eta New York ak gouvènman lokal yo. Santye a pral estimile kwasans ekonomik ak ranfòse sektè touris la nan kominote ki sou wout li yo. Toutolon Santye Kanal Erie a (Albany rive Buffalo) ak Hudson Valley Greenway (Vil New York pou rive Albany) Santye Empire State la pral 85% wout kanal ak santye ki andeyò wout yo.

Akselere CNY Rising

Anons jodi a ap konpleman inisyativ "Central NY Rising" lan, ki se plan global rejyon an pou jenere kwasans ekonomik solid ak devlopman kominotè. Eta a te deja investi plis pase 6.3 milya dola nan rejyon an depi 2012 pou etabli fondasyon pou plan an – lè li kapitalize sou opòtinite mache global la yo, ranfòse espri antreprenarya epi kreye yon ekonomi enklizif. Kounye a, rejyon an ap akselere inisyativ Central NY Rising lan gras a yon envèstisman 500 milyon dola Eta ap fè atravè Inisyativ Revitalizasyon Rejyon Nò Eta a, ke Gouvènè Cuomo te anonse nan mwa desanm 2015 lan. Envestisman 500 milyon dola Eta a pral ensite biznis prive yo investi plis pase 2.5 milya dola – epi plan rejyon an, jan yo soumèt li a, prevwa jiska 5,900 nouvo travay. Gen plis enfòmasyon ki disponib [isit la](#).

###

Lèt nouvell disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)